



MASSACHUSETTS
**Department of
Early Education and Care**

Maura Healey
GOVERNOR

Kim Driscoll
LIEUTENANT GOVERNOR

Amy Kershaw
ACTING SECRETARY

Amy Kershaw
COMMISSIONER

Kesyon Yo Poze Souvan (FAQ)

Tit Règleman an: Tarif Ranbousman Asistans Finansye pou Gadri Familyal Pou Ane Fiskal 2026 la

Nimewo Règleman an: CCFA-26-03

Dat li Pibliye: 4 Mas, 2026

Dat Li An Vigè: 1ye Jiyè, 2025

1. Ki prensip gid ki te enfòme kalkil tarif pou Ane Fiskal 2026 la?

Ogmantasyon to/tarif yo te enfòme pa angajman EEC pou li:

- Kontinye pran desizyon ki baze sou done ki fokis sou ni pri gadri a ni pri eskolè/ekolaj;
- Rekonèt ke depans yo ap ogmante pou tout pwogram yo atravè yon ajisteman nan tout tarif yo;
- Fokis sou ekite jewografik de tanzantan ak sou tarif yo nan rejyon ki depase pri gadri an;
- Sipòte operasyon pwogram nan epi ankouraje aksè familyal yo ak pri abòdab; epi
- Kontinye fè pwogrè tikras pa tikras pou kouvri depans swen/gadri yo.

2. Kisa yon modèl depans la ye e poukisa yo te itilize yon metodoloji ki baze sou depans pou fè piblisite pou tarif Ane Fiskal 2026 la?

Modèl depans yo estime yon pri pou chak timoun jwenn edikasyon depi tou piti. Modèl depans yo ka estime pri pou chak timoun selon diferan kalite pwogram, rejyon, ak laj timoun k ap resevwa sèvis yo. Modèl depans yo ede enfòme desizyon finansman ak politik nan nivo leta, sa ki enkli chanjman nan to/tarif asistans finansye pou gadri. EEC travay ansanm avèk rechèch yo pou kontinye amelyore modèl depans lan avèk alavni.

EEC te resevwa apwobasyon nan men Biwo Federal pou Swen/Gadri Timoun yo pou itilize depans gadri an kòm baz pou detèmine tarif asistans finansye pou swen/gadri

timoun yo. Anvan sa, tarif ranbousman yo te chanje sèlman selon pri pwogram yo te touche pou gadri a (frè eskolè). Kounye a, chanjman nan tarif asistans finansye pou swen/gadri timoun yo baze sou pwogrè pou kouvri depans swen/gadri an pandan y ap tou mete an konsiderasyon pri mache a ye (pri frè eskolè yo).

3. Ki dat ogmantasyon tarif yo ap antre an vigè? Èske y ap fè peman retwoaktif?

EEC pral aplike ogmantasyon tarif swen/gadri familyal la nan mwa Avril 2026. Pwogram yo pral resevwa ogmantasyon an sou fakti/bil pou mwa Mas 2026 la (ki ap peye nan mwa Avril), ak peman retwoaktif ki pral aplike depi 1ye Jiyè 2025.

Tanpri note: Pwosesis fakti/bil la, sa ki enkli jenere rejis kont ak apwouve fakti ki an atant, ap regle pi vit ke posib. Tanpri bay plis tan anvan ou soumèt tikè HelpDesk. Nou apresye pasyans ou pandan EEC ap aplike ogmantasyon tarif sa yo.

4. Kijan Sistèm FCC yo pral asire ke tout Founisè FCC ki te fè pati de Sistèm yo nan kèlkeswa dat la pandan FY26 resevwa peman retwoaktif yo?

Sistèm FCC a dwe revize seksyon Sou-Òganizasyon ki sou ekran Pati ki ay Detay sou Founisè a nan Sistèm CCFA a pou konfime Founisè FCC ki te gen yon akò epi ki te bay sèvis gadri pandan peryòd 7/1/2025-4/1/2026.

Pou asire ke yon peman retwoaktif yo aplike pou tout founisè FCC pandan peryòd tan sa a, fòk yo jenere rejis kont pou tout founisè FCC ki te bay sèvis gadri pandan peryòd tan espesik sa a.

5. Èske gen kondisyon sou ki fason pwogram yo dwe depanse ogmantasyon tarif la?

Bidjè Sipleman Leta pou Ane Fiskal 2025 la (Fair Share Surplus Supplemental Budget 2025) , langaj liy-atik yo (atik 1596-2511) pa detaye kondisyon espesifik sou fason pwogram yo dwe depanse lajan yo resevwa atravè ogmantasyon tarif la. Pou rete an konsistan ak kondisyon ane ki sot pase yo, founisè/edikatè yo ka itilize lajan sa yo pou ogmante salè, benefis, ak estipann pou devlopman pwofesyonèl edikatè timoun piti yo.

6. Ki dokiman mwen bezwen montre pou montre kijan mwen te depanse lajan an?

Pwogram yo dwe kenbe dokiman ki montre ke lajan yo te resevwa atravè ogmantasyon tarif Ane Fiskal 2026 la te distribye an akò ak pwòp estanda ki jis epi ekitab yo.

7. Èske pwogram yo dwe fè yon ogmantasyon sale ki retwoaktif?

Dat ogmantasyon tarif sa yo antre an vigè a se 1ye Jiyè 2025. Pwogram yo ta dwe pran pwòp desizyon yo sou fason pou yo aplike ogmantasyon salè yo, benefis oswa sibvansyon ak finansman sa a.

8. Èske pwogram ki aksepte asistans finansye pou gadri gen dwa pou touche yon kòb nan men fanmi k ap peye an prive yo pou yon frè eskolè/eskolaj ki pi ba pase tarif ranbousman asistans finansye pou gadri EEC ki konparab la?

Wi. Bidjè Gouvènè Healey pou Ane Fiskal 2023 a te enkli ladan l yon règleman ki egzante yon fason pèmanan pwogram edikasyon ak gadri pou timoun piti yo anba lwa leta a sou limit pri. Lwa sa a te anpeche pwogram gadri yo ofri yon frè eskolaj ki pi ba pase tarif asistans finansye leta a pou ofri gadri bay fanmi, pwofesè, ak anplwaye ki te peye an prive. Kounye a, pwogram gadri yo pa oblije suiv lwa leta a sou limit pri a epi yo egzante de sa

9. Èske y ap redwi nan kontribisyon sendika yo nan ogmantasyon tarif ki aplike retwoyaktivman an?

Wi. Montan ogmantasyon tarif retwoaktif yo pral a sijè dediksyon frè sendika a. Si yon founisè te nan sendika a sèlman pou yon pati nan Ane Fiskal 2026 la (ki te kòmanse 1ye jiyè 2025), frè sendikal yo ap redwi sèlman sou peman retwoaktif la pou dat sèvis kote founisè a te manm sendika a. Pa egzanp, si yon founisè te nan sendika a nan dat ki te 1ye Jiyè 2025 la epi li te kite sendika a nan dat ki te 31 oktòb 2025 la, se sèlman peman retwoaktif pou peryòd 1ye Jiyè 2025 rive 31 oktòb 2025 la ki pral a sijè de dediksyon kontribisyon yo.

Si ou menm oswa anplwaye ou yo gen kesyon oswa bezwen sipò anplis, tanpri kontakte eec.subsidymanagement@mass.gov.